

Amanman ki Pwopoze nan
Konstitisyon an ki pou vote
30 dawout 2016



Depatman Deta Florid
Divizyon Eleksyon

Amanman ki Pwopoze nan Konstitisyon an ki pou vote 30 dawout 2016

Amanman Nim. 1, Nim. 2, Nim. 3 ak Nim. 5 ki pwopoze nan
konstitisyon an ap parèt nan Bilten Vòt Eleksyon Jeneral 8 novanm 2016
la

Mo ki souliyen yo ajoute; mo ki ~~bare~~ yo retire.

NIM. 4
AMANNMAN KONSTITISYONÈL
ATIK 7, SEKSYON 3 AK 4
ATIK 7, SEKSYON 34 (LEJISLATIF)

Tit Bilten Vòt la:

APARÈY SOLÈ OSWA APARÈY KI SÈVI AVÈK SOUS ENÈJI RENOUVLAB;
EGZANSYON POU SÈTEN TAKSASYON AK ESTIMASYON.

Rezime Bilten Vòt la:

Y ap pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta-a pou otorize Kò Lejislatif la, pa lwa jeneral, pou li bay valè estime aparèy solè oswa aparèy ki sèvi avèk sous enèji renouvlab ki soumèt a taks sou byen mèb, egzansyon pou taksasyon *ad valorem* sou valè estime, epi pou otorize Kò Lejislatif la, pa lwa jeneral, pou li entèdi konsiderasyon aparèy sa yo nan estimasyon valè byen imobilye nan bi taksasyon *ad valorem*. Amanman sa-a ap efektif 1^{ye} janvyè 2018, epi l ap ekspire 31 desanm 2037.

Tèks Konplè:

ATIK 7
FINANS AK TAKSASYON

SEKSYON 3. Taks; egzansyon. — (a) Tout pwopriyete ki pou yon minisipalite, epi yo sèvi avè l nan bi minisipal ak piblik sèlman, ap gen egzansyon pou taksasyon. Yon minisipalite, ki posede pwopriyete andeyò minisipalite a, gen dwa oblije pa lwa jeneral pou l fè peman bay otorite fiskal kote pwopriyete-a sitiye-a. Pòsyon sa yo nan pwopriyete-a ki sèvi prensipalman pou bi edikatif, literè, syantifik, relijye oswa charitab gen dwa gen egzansyon pou taksasyon pa lwa jeneral.

(b) Va gen egzansyon pou taksasyon, yon fason kimilatif, pou tout chèf fanmi ki rete nan Eta sila, sou atik kay ak afè pèsònèl rive valè lwa jeneral la fikse, ki pa mwens pase mil dola, ak pou tout vèv oswa vèf oswa moun ki avèg oswa ki gen andikap total ak pèmanan, sou pwopriyete rive valè lwa jeneral la fikse ki pa mwens pase senksan dola.

(c) Nenpòt ki konte oswa minisipalite gen dwa, nan bi prelèvman taks pa li epi soumèt a dispozisyon sou-seksyon sa-a ak lwa jeneral la, bay nouvo biznis ak ekspansyon biznis ki te la deja yo yon egzansyon taks *ad valorem* pou devlopman kominotè ak ekonomik, jan lwa jeneral la defini l. Yon egzansyon konsa gen dwa akòde pa òdonans konte oswa minisipalite sèlman, epi sèlman apre elektè yo nan yon konte oswa minisipalite k ap vote sou kesyon sa-a nan yon referandòm lan otorize konte oswa minisipalite-a adopte òdonans sila yo. Yon egzansyon ki akòde konsa ap aplike pou amelyorasyon nan byen imobilye ki fèt grasa oswa pou sèvi pou yon nouvo biznis ak amelyorasyon nan byen imobilye ki gen pou wè avèk ekspansyon yon biznis ki te la deja epi l ap aplike tou pou byen mèb nouvo biznis sila ak byen mèb ki gen pou wè avèk ekspansyon yon biznis ki te la deja. Lwa jeneral la ap presize montan oswa limit montan egzansyon sa-a. Lwa jeneral la ap detèmine peryòd tan egzansyon sa-a gen dwa akòde bay yon nouvo biznis oswa ekspansyon yon biznis ki te la deja. Otorite akòde egzansyon sa-a ap ekspire dizan apre dat elektè konte oswa minisipalite a apwouve li, epi li gen dwa renouvlab pa referandòm selon dispozisyon lwa jeneral la.

(d) Nenpòt ki konte oswa minisipalite gen dwa, nan bi prelèvman taks pa li epi soumèt a dispozisyon sou-seksyon sa-a ak lwa jeneral la, akòde egzansyon pou taks *ad valorem* poutèt prezèvasyon istorik bay mèt pwopriyete istorik. Egzansyon sa-a gen dwa akòde pa òdonans konte oswa minisipalite a sèlman. Se lwa jeneral la ki dwe presize montan oswa limit montan egzansyon sa-a ak kondisyon yo pou pwopriyete elijib yo. Se lwa jeneral la k ap detèmine peryòd tan egzansyon sa-a ap akòde bay yon mèt pwopriyete.

(e) Pa lwa jeneral epi soumèt a kondisyon ki presize la-a:

(1) Vennsenk mil dola nan valè estime yon pwopriyete ki soumèt a taks sou byen mèb ap gen egzansyon pou taksasyon *ad valorem*.

(2) Valè estime aparèy solè oswa aparèy ki sèvi avèk sous enèji renouvlab ki soumèt a taks sou byen mèb gen dwa gen egzansyon pou taksasyon *ad valorem*, soumèt a limitasyon lwa jeneral la prevwa.

(f) Gen yon egzansyon pou taks *ad valorem* k ap akòde pou byen imobilye ki rezève vitametènans pou konsèvasyon, sa gen ladan byen imobilye ki angaje nan sèvis konsèvasyon pèpetyèl oswa nan lòt pwoteksyon konsèvasyon pèpetyèl, jan lwa jeneral la defini l.

(g) Pa lwa jeneral epi soumèt a kondisyon ki presize la-a, chak moun ki resevwa egzansyon sou pwopriyete famiyal jan sa prevwa nan seksyon 6 atik sa-a; ki te manm fòs ame oswa rezèv militè Lèzetazini, Gadkòt Lèzetazini oswa rezèv li, oswa Gad Nasyonal Florid; epi ki te deplwaye pandan ane almanak ki vin anvan an an sèvis aktif andeyò Lèzetazini kontinantal, Alaska, oswa Awayi pou ede nan operasyon militè kò lejislatif la te deziyen ap resevwa yon egzansyon anplis ki egal a yon pousantaj valè pwopriyete famiyal li-a ki kapab takse. Pousantaj aplikab la ap kalkile antanke kantite jou pandan ane almanak anvan moun nan te deplwaye an sèvis aktif andeyò Lèzetazini kontinantal, Alaska, oswa Awayi pou ede nan operasyon militè kò lejislatif la deziyen divize pa kantite jou nan ane sila.

SEKSYON 4. Taksasyon ; estimasyon. —Pa lwa jeneral gen règleman k ap preskri pou garanti evalyasyon jis tout pwopriyete pou taksasyon sou valè, depi :

(a) Lwa jeneral la gen dwa klase tè agrikòl, tè k ap pwodi anpil dlo pou replen nap souteren Florid yo, oswa tè ki sèvi sèlman pou bi detant ki pa komèsyal epi estime yo sou sèl baz nati oswa itilizasyon yo.

(b) Selon dispozisyon lwa jeneral la epi soumèt a kondisyon, limitasyon, ak definisyon rezonab ki presize la-a, lwa jeneral la ap klase tè ki sèvi pou konsèvasyon epi l ap estime yo baze sèlman sou nati oswa itilizasyon yo.

(c) Konfòmeman a lwa jeneral la byen mèb ki destine pou vann antanke atik komès ak betay gen dwa estime pou taksasyon a yon pousantaj

espesifye valè li, gen dwa klase pou taks, oswa gen dwa gen egzansyon pou taksasyon.

(d) Tout moun ki gen dwa a egzansyon sou pwopriyete familyal selon Seksyon 6 Atik sa-a ap gen pwopriyete familyal yo estime a valè jis li nan dat 1^{ye} janvye ane ki vin apre dat efektif amannman sa-a.

Estimasyon sa-a ap chanje sèlman jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(1) Estimasyon ki soumèt a sou-seksyon sa-a ap chanje ànyèlman 1^{ye} janvye chak ane ; men chanjman nan estimasyon sa yo pa dwe depase sa ki pi ba nan sa yo :

a. Twa pousan (3%) estimasyon ane anvan an.

b. Chanjman nan pousantaj nan Endèks Pri Konsomasyon an pou tout konsomatè nan zòn vil yo, Mwayèn Vil Ameriken, tout atik 1967=100, oswa rapò siksesè pou ane almanak anvan an jan Depatman Travay Lèzetazini an, Biwo Estatistik sou Travay, te rapòte l nan kòmansman.

(2) Pa gen estimasyon ki gen dwa depase valè jis la.

(3) Apre nenpòt ki chanjman pwopriyete, dapre sa lwa jeneral la prevwa, yon pwopriyete familyal ap estime a valè jis li nan dat 1^{ye} janvye ane apre-a, sòf si dispozisyon paragaf (8) yo aplike. Apre sa, pwopriyete familyal la ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(4) Yon nouvo pwopriyete familyal ap estime a valè jis li nan dat 1^{ye} janvye ane ki vin apre pwopriyete familyal la tabli, sòf si dispozisyon paragaf (8) yo aplike. Estimasyon sa-a ap chanje sèlman jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(5) Chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon nan pwopriyete famiyal ap estime jan lwa jeneral la prevwa l ; sepandan, apre ajisteman pou nenpòt ki chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon, pwopriyete a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(6) Nan ka yon estati pwopriyete famiyal ta anile, pwopriyete-a ap estime jan lwa jeneral la prevwa l.

(7) Dispozisyon amannman sa-a kapab separe. Si nenpòt nan dispozisyon amannman sa-a deklare enkonstitisyonèl nan nenpòt ki tribinal konpetan, desizyon tribinal sa-a pap afekte ni nwi ankenn dispozisyon ki rete nan amannman sa-a.

(8)a. Yon moun ki tabli yon nouvo pwopriyete famiyal nan dat 1^{ye} janvyè 2009, oswa 1^{ye} janvyè nenpòt ki ane ki vin apre sa epi ki resevwa egzansyon sou pwopriyete famiyal konfòmman a Seksyon 6 Atik sa-a nan dat 1^{ye} janvyè nenpòt nan dezan ki vin touswit anvan li tabli nouvo pwopriyete famiyal la gen dwa pou yo estime nouvo pwopriyete famiyal la a mwens pase valè jis li. Si revizyon sa-a apwouve an janvyè 2008, yon moun ki tabli yon nouvo pwopriyete famiyal nan dat 1^{ye} janvyè 2008, gen dwa pou nouvo pwopriyete famiyal la estime a mwens pase valè jis li sèlman si moun sa-a te resevwa egzansyon sou pwopriyete famiyal 1^{ye} janvyè 2007. Valè estime pwopriyete famiyal ki fèk tabli-a ap detèmine konsa :

1. Si valè jis nouvo pwopriyete famiyal la pi wo pase owa egal valè jis ansyen pwopriyete famiyal la nan dat 1^{ye} janvyè ane kote ansyen pwopriyete famiyal la te abandone-a, valè estime nouvo pwopriyete famiyal la ap valè jis nouvo pwopriyete famiyal la mwens yon montan egal a sa ki pi piti ant \$500,000 ak diferans ant valè jis la ak valè estime ansyen pwopriyete famiyal la nan dat 1^{ye} janvyè ane kote ansyen pwopriyete famiyal la te abandone a. Apre sa, pwopriyete famiyal la ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.
2. Si valè jis nouvo pwopriyete famiyal la mwens pase valè jis ansyen pwopriyete famiyal la nan dat 1^{ye} janvyè ane kote ansyen

pwopriyete famiyal la te abandone-a, valè estime nouvo pwopriyete famiyal la ap egal valè jis nouvo pwopriyete famiyal la divize pa valè jis ansyen pwopriyete famiyal la epi miltipliye pa valè estime ansyen pwopriyete famiyal la. Sepandan, si diferans la ant valè jis nouvo pwopriyete famiyal la ak valè estime nouvo pwopriyete famiyal kalkile konfòmman a sou-paragraf sa-a pi wo pase \$500,000, valè estime nouvo pwopriyete famiyal la ap ogmante pou diferans ant valè jis la ak valè estime-a egal \$500,000. Apre sa, pwopriyete famiyal la ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

b. Pa lwa jeneral epi soumèt a kondisyon ki presize la-a, kò lejislatif la ap prevwa aplikasyon paragraf sa-a pou pwopriyete ki gen plis pase yon sèl mèt.

(e) Kò lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, pou estimasyon epi soumèt a dispozisyon sou-seksyon sa-a, pèmèt konte ak minisipalite yo otorize pa òdonans pou pwopriyete istorik gen dwa estime sèlman sou baz nati oswa itilizasyon yo. Estimasyon nati oswa itilizasyon sa-a ap aplike sèlman pou jiridiksyon k ap adopte òdonans la. Lwa jeneral la dwe presize kondisyon pou pwopriyete elijib yo.

(f) Yon konte gen dwa, jan lwa jeneral la preskri l, prevwa yon rediksyon valè estime yon pwopriyete famiyal rive jiska nenpòt ki ogmantasyon nan valè estime pwopriyete sa-a poutèt konstrikasyon oswa rekonstrikasyon pwopriyete a pou ofri lojman bay youn oswa plis granparan oswa paran natirèl oswa adoptif mèt pwopriyete a oswa mari/madanm mèt la si omwen youn nan granparan oswa paran yo bay lojman an gen 62 zan laj oswa li pi granmoun. Rediksyon sa-a pa gen dwa depase sa ki pi ba nan sa yo :

(1) Ogmantasyon valè estime-a poutèt konstrikasyon oswa rekonstrikasyon pwopriyete-a.

(2) Ven pousan valè estime total pwopriyete-a apre amelyorasyon.

(g) Pou tout prelevman ki pa prelevman distrik eskolè, estimasyon yon byen imobilye rezidansyèl, jan lwa jeneral la defini l, ki gen ladan nèf apatman oswa mwens epi ki pa soumèt a limitasyon sou estimasyon ki dekri nan sou-seksyon (a) a (d) yo ap chanje sèlman jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(1) Estimasyon ki soumèt a sou-seksyon sa-a ap chanje ànyèlman nan dat estimasyon lalwa prevwa-a; men chanjman nan estimasyon sa yo pap depase di pousan (10%) estimasyon ane anvan an.

(2) Pa gen estimasyon ki dwe depase valè jis la.

(3) Apre yon chanjman pwopriyete oswa kontwòl, jan lwa jeneral la defini l, sa gen ladan chanjman pwopriyete yon antite legal ki posede pwopriyete-a, pwopriyete sa-a ap estime a valè jis li nan dat pwochen estimasyon an. Apre sa, pwopriyete sa-a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(4) Chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon nan pwopriyete sa-a ap estime jan lwa jeneral la prevwa l ; sepandan, apre ajisteman pou nenpòt ki chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon, pwopriyete-a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(h) Pou tout prelevman ki pa prelevman distrik eskolè, estimasyon yon byen imobilye ki pa soumèt a limitasyon sou estimasyon ki dekri nan sou-seksyon (a) a (d) ak (g) yo ap chanje sèlman jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(1) Estimasyon ki soumèt a sou-seksyon sa-a ap chanje ànyèlman nan dat estimasyon lalwa prevwa-a ; men chanjman nan estimasyon sa yo pap depase di pousan (10%) estimasyon ane anvan an.

(2) Pa gen estimasyon ki dwe depase valè jis la.

(3) Kò lejislatif la dwe prevwa pou pwopriyete sa-a estime a valè jis li nan dat pwochen estimasyon an apre yon amelyorasyon ki kalifye l, jan lwa jeneral la defini l, fèt nan pwopriyete sa-a. Apre sa, pwopriyete sa-a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(4) Kò lejislatif la gen dwa prevwa pou pwopriyete sa-a estime a valè jis li nan dat pwochen estimasyon an apre yon chanjman pwopriyete oswa kontwòl, jan lwa jeneral la defini l, sa gen ladan nenpòt ki chanjman pwopriyete antite legal ki posede pwopriyete-a. Apre sa, pwopriyete sa-a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(5) Chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon nan pwopriyete sa-a ap estime jan lwa jeneral la prevwa l ; sepandan, apre ajisteman pou nenpòt ki chanjman, adisyon, rediksyon, oswa amelyorasyon, pwopriyete-a ap estime jan sa prevwa nan sou-seksyon sa-a.

(i) Kò lejislatif la, pa lwa jeneral epi soumèt a kondisyon ki presize la-a, gen dwa entèdi konsiderasyon bagay sila yo nan detèminasyon valè estime yon byen imobilye ki sèvi pou bi rezidansyèl :

(1) Nenpòt ki chanjman oswa amelyorasyon nan yon byen imobilye ki sèvi pou bi rezidansyèl ki fèt pou amelyore nan bi ranfòse rezistans pwopriyete a kont donmaj van.

(2) Enstalasyon yon aparèy solè oswa ki sèvi avèk sous enèji renouvlab.

(j)(1) Estimasyon pwopriyete bò dlo sa yo ap baze sou itilizasyon aktyèl pwopriyete-a:

a. Tè ki sèvi prensipalman pou pèch komèsyal.

b. Tè ki aksesib pou piblik la epi ki sèvi pou mete bato nan dlo ki navigab.

c. Pò pou ti bato ak estokaj sèk ki ouvè pou piblik la.

d. Enstalasyon pwodiksyon maren ki depann de dlo, enstalasyon pèch komèsyal, ak enstalasyon konstriksyon ak reparasyon bato lanmè ak aktivite soutyen yo.

(2) Avantaj nan estimasyon ki prevwa nan sou-seksyon sa-a soumèt a kondisyon ak limitasyon ak definisyon rezonab jan kò lejislatif la presize yo pa lwa jeneral.

ATIK XII ORÈ

SEKSYON 34. Aparèy solè oswa aparèy ki sèvi avèk sous enèji renouvlab; egzansyon pou setèn taksasyon ak estimasyon.—Seksyon sa-a, amannman sou-seksyon (e) Seksyon 3 Atik 7 ki otorize kò lejislatif la, soumèt a limitasyon ki dekri nan lwa jeneral la, pou l bay valè estime aparèy solè oswa aparèy ki sèvi avèk sous enèji renouvlab ki soumèt a taks sou byen mèb, egzansyon pou taksasyon *ad valorem*, ak amannman sou-seksyon (i) Seksyon 4 Atik 7 ki otorize kò lejislatif la, pa lwa jeneral, pou l entèdi konsiderasyon enstalasyon yon aparèy solè oswa yon aparèy ki sèvi avèk enèji renouvlab nan estimasyon valè byen imobilye nan bi taksasyon sou valè ap efektif 1^{ve} janvye 2018, epi ap ekspire 31 desanm 2037. Lè li ekspire, seksyon sa-a ap revoke epi tèks sou-seksyon (e) Seksyon 3 Atik 7 ak sou-seksyon (i) Seksyon 4 Atik 7 ap retounen egziste 31 desanm 2017, eksepte tout amannman nan tèks sa-a ki te adopte apa sa ap prezève ak kontinye fonksyone depi amannman sa yo pa depann de pòsyon tèks ki ekspire konfòmman a seksyon sa-a.



Depatman Deta Florid
Divizyon Eleksyon
Bilding R.A. Gray, Sal 316
500 South Bronough Street
Tallahassee, Florid 32399-0250
Telefòn: 850.245.6200
Sit wèb: dos.myflorida.com/elections